

**KONSANTMAN POU ENTÈVANSYON CHIRIJIKAL-ENVAZIF
OU DWE LI TOUT FÒMILÈ SA A NÈT ANVAN W SIYEN**

Mwen konprann Lwa Florida sou Konsantman nan Zafè Medikal la (Florida Medical Consent Law) egzije pou doktè mwen(yo) mete m okouran nati jeneral tretman oswa entèv ansyon yo pw opoze yo, lòt entèv ansyon oswa tretman ki akseptab medikalman yo, gw o risk ak danje ki fè pati tretman oswa entèv ansyon yo pw opoze yo, ak av antaj yo prev wa tretman oswa entèv ansyon yo pw opoze a(yo) ap genyen. Mwen konprann doktè mwen an(yo) se doktè otorize endepandan epi li(yo) pa, epi mwen pa dw e konsidere li(yo) kòm, ni anplwaye, ni reprezantan ni fonksyonè lopital la.

Mwen dakò nan dokiman sa a epi mwen bay otorizasyon pou Dtè. _____
osw a asosye li yo ak asistan, teknisyen, enfimy e(è) ak/oswa lòt manm pèsònèl medikal ki gen dw a nesèsè yo, egzekite sou mwen entèv ansyon ki se: _____

Mwen dakò pou yo ban mwen anestezi lokal ak/oswa sedatif doktè mwen an(yo) rekòmande oswa konsidere nesèsè si nou nan ka sa a. Si, pandan entèv ansyon sa a(yo) ap dewoule, gen lòt entèv ansyon oswa entèv ansyon diferan ki vin nesèsè, dapre opinyon pwofesyonèl doktè a(yo) oswa asosye li yo, pami yo sa ki gen ladan radyoloji oswa patoloji, mwen bay otorizasyon ak konsantman pou yo fè entèv ansyon sa yo. Otorizasyon sa a gen ladan tretman pwoblèm medikal ke yo te prev wa yo ke yo pa t prev wa yo.

Mwen konprann Palms West Hospital se yon etablisman ansèyman kote entèn yo, rezidan yo (doktè k ap pran fòmasyon espesyalize) ak etidyan nan medsin yo patisipe nan swen ak tretman pasyan yo sou sipèvizyon doktè tretan yo. Mwen dakò pou entèn yo, rezidan yo ak etidyan nan medsin yo patisipe nan swen ak tretman mwen nan kad fòmasyon espesyalize yo. Si mwen pa dakò pou gen entèn, rezidan oswa etidyan nan medsin ki patisipe nan swen mwen, m ap diskite sou sa av èk doktè tretan mwen an.

Mwen dakò pou yo kite obsevatè antrè, konfòmman ak politik yo a, sa gen ladan etidyan, si doktè a(yo) ak anestezyolojis la otorize sa, pandan entèv ansyon an. Mwen dakò tou pou yo pran foto ak/oswa filme entèv ansyon an(yo), epi pou yo pibliye foto ak/oswa videyo sa yo nan objektif medikal, syantifik oswa edikatif depi yo kenbe konfidansyalite. Tout foto sa yo ap rete pwopriyete Lopital la ak/oswa Doktè a.

Mwen bay otorizasyon ak konsantman pou yo fè egzamen patoloji ak/oswa pou yo jete tout tisi, pati nan kò ak/oswa a ògàn yo retire nan mwen pandan entèv ansyon an(yo).

Yo mete m okouran epi mwen konprann nèt risk ki asosye yo ak posibilite konplikasyon ak lòt chw a ki akseptab medikalman an(yo) pou entèv ansyon yo dekri pi wo a. Pami risk konplikasyon sa yo gen dw a gen mak, doule, enfeksyon, reyaksyon alèjik, koupe oswa twou nan ògàn entèn oswa nan veso, senyman ki egzije transfizyon san oswa pou mwen retounen nan sal operasyon pou yo ranje sa, donmaj nan nè, konplikasyon nan kè, nan fwa, nan ren oswa nan poumon ak/oswa menm nan ka ranmò. Men lòt risk ki genyen:

Mwen konprann ti risk malè ki genyen pou kòm poutèt kontak ak radyasyon.

Mwen konprann medsin ak operasyon se pa syans egzakt. Mwen rekonèt pa gen ankenn moun ki ban mwen garanti ni asirans sou rezilta, reyisit, siksè, konsekans entèv ansyon an(yo) oswa gerizon apre li(yo), epi toujou gen risk konplikasyon grav oswa lanmò. Mwen diskite sou risk pa fè entèv ansyon sa a(yo) av èk doktè mwen.

Yo reponn tout kesyon mwen yo yon jan ki satisfè mwen. Nan dokiman sa a mwen **BAY KONSANTMAN EKLERE LIB E LIBÈ MWEN** pou entèv ansyon yo pwopoze a(yo) epi m akseptè risk yo. Mwen li fòmilè sa a epi mwen diskite sou nati entèv ansyon chirijikal ak/oswa envazif sa a ak risk yo, av antaj yo ak lòt chw a yo av èk doktè mwen.

Yo eksplike m nèt lòt chw a ki disponib yon fason rezonab yo apa entèv ansyon an(yo). Mwen konprann yon nan lòt chw a ki disponib yo se refize entèv ansyon sa a(yo).

Mwen konprann epi mwen li lang angle oswa mwen te gen yon bon jan entèpretasyon oswa tradiksyon pou dokiman sa a. Yo reponn tout kesyon mwen te genyen sou entèv ansyon sa a(yo) yon fason ki ban m satisfaksyon.

Pasyan an pa kapab siyen oswa bay konsantman li dapre sa dosye medikal la montre poutèt: _____

Siyati Pasyan an oswa Reprezantan nan Zafè Sante ki Gen Otorizasyon an

Dat

Lè

Sa li Ye pou Pasyan an

Siyati Temwen

Dat

Lè

Siyati Temwen

Dat

Lè

I certify that I have informed the patient of the reasonably available alternatives to the proposed surgical and/or invasive procedure(s), the inherent specific potential risks, possible complications, the benefits of the procedure(s), and the results of the procedure(s) that I consider likely to occur.

Physician Signature

Date

Time

PALMS WEST HOSPITAL - LOXAHATCHEE, FL 33470
SURGICAL-INVASIVE PROCEDURE CONSENT-CREOLE



Patient Identification/Label